



LWA CARES - Fon Sekou pandan Kowonaviris –Pwogram Èd pou Lwaye ak Sèvis Piblik Kesyon ki Souvan Poze

LWA CARES - Pwogram Èd pou Lwaye ak Sèvis Piblik nan Fon Sekou pandan Kowonaviris la (CARES Act) bay èd yon sèl fwa pou lwaye ak sèvis piblik pou rezidan kalifye nan Konte Palm Beach yo ki te gen pèt revni, rediksyon nan lè oswa chomaj akòz pandemi COVID-19 la **sèlman**.

Konte Palm Beach pral itilize fon LWA CARES-Fon Sekou pandan Kowonaviris la bay yo pou sipòte pwogram sa a epi èd yo pral bay sèlman pou peman lwaye ak/oswa sèvis piblik ki anreta yo apati 1ye mas 2020 rive 31 desanm 2020. Règ ak règleman ki asosye yo nan kad seksyon 601(a) Lwa sou Sekirite Sosyal la, jan seksyon 5001 Lwa sou Èd, Sekou ak Sekirite Ekonomik pandan Kowonaviris ("CARES Act") lan ajoute sa pral reji itilizasyon fon yo.

AVÈTISMAN: Seksyon 1001 Tit 19 kòd Etazini an fè li se yon zak kriminel lè yon moun fè fo deklarasyon oswa move reprezantasyon bay nenpòt depatman oswa ajans nan Etazini konsènan nenpòt zafè nan jiridiksyon an. Fo enfòmasyon ka lakòz responsablite sivil ak/oswa pèn kriminel ki gen ladan, men pa limite ak, amann oswa prizon oswa tou de. *Pwogram lan pa fèt pou ede sila yo ke pandemi COVID-19 la pa te afekte finansyèman.*

Enfòmasyon sa yo disponib nan lang Anglè, Panyòl ak Kreyòl.

K. Kiyès ki kalifye pou resevwa èd?

Moun oswa fanmi ki rete nan Konte Palm Beach ki satisfè kritè annapre pou pwogram lan:

- Aplikan ki rete nan limit teritwa Konte Palm Beach.
- **Aplikan an(yo) ki gen revni anyèl brit ki pa depase limit 140% Revni Mwayen Zòn (AMI) lan ke HUD etabli pou jiridiksyon Konte Palm Beach, FL anvan kriz COVID-19 la.**
- **Aplikan yo ki te soufri pèt salè ak/oswa revni dirèkteman ki gen rapò ak COVID-19.** Ou dwe kapab jistifye ke ou pa te kapab peye lwaye oswa sèvis piblik ou akòz pèt revni tanporè, rediksyon nan lè, oswa travay akòz pandemi COVID-19 la **sèlman**.

K. Kisa mwen bezwen anvan mwen aplike pou pwogram lan?

Kondisyon pou pwogram lan se konsa:

- Èd la pral bay sèlman pou depans ki dwe apati 1ye mas 2020 ki pa depase twa(3) mwa.
- Aplikan yo dwe ateste yo gen pèt revni, rediksyon nan lè oswa tou de, oswa chomaj, ki gen rapò dirèkteman ak pandemi COVID-19 la ki te lakòz aplikan an rate peman lwaye ak/oswa sèvis piblik.
- Aplikan yo dwe bay enfòmasyon demografik tankou non manm nan kay la, nimewo sekirite sosyal (si aplikab), dat nesans, etc.
- Aplikan an(yo) dwe gen yon kontra lwaye ak oswa lòt sèvis piblik nan non li oswa nan non yon manm nan kay la. Manm nan kay la dwe sou lis aplikasyon an.
- Aplikan an(yo) oswa manm nan kay la pa dwe te resevwa okenn lòt èd finansye pou lwaye ak sèvis piblik pandan delè peman ki mande a.
- Aplikan an(yo) dwe aplike pou avantaj chomaj ak bay dokiman jistifikatif si sa aplikab.

K. Ki dokiman ki obligatwa pou aplike pou èd?

Anba a gen yon lis dokiman ki obligatwa yo. Tout dokiman yo **dwe** soumèt pou trete aplikasyon an. Aplikasyon ki pa konplè yo ka lakòz reta oswa refi aplikasyon an.

ENFÒMASYON DEMOGRAFIK

- **Prè revni pou kalifikasyon anvan COVID-19 (Tout manm granmoun nan kay la ki gen 18 an ak plis)**
 - a. Fich peman anvan kriz COVID-19
 - b. Bilan bankè anvan kriz COVID-19
 - c. Dènnye deklarasyon enpo si ou otonòm
 - d. Fòm oto-atestasyon pou jistifye pèt revni, si ou pa ka jwenn prè revni ki fyab
 - e. Kliyan Depatman Sèvis Kominotè a ki resevwa sèvis nan dènnye 24 mwa yo pa pral gen obligasyon pou soumèt dokimantasyon sou revni amwenske yon Manadjè Dosye jije sa nesesè.

- **Prè kriz COVID-19 (Aplikasyon Sèlman)**
Soumèt youn oswa plizyè:
 - a) Lèt anplwayè a ki deklare pèt travay ou oswa orè ak lè travay redui
 - b) Reklamasyon pou chomaj oswa aplikasyon pou chomaj ki soumèt
 - c) Fich peman anvan kriz ak fich peman aktyèl avèk lè redui
 - d) Prè pèt revni si ou otonòm

- **Idantifikasyon Valid Gouvènman Emèt (Aplikasyon Sèlman)**

- **Kat Sekirite Sosyal (Aplikasyon Sèlman)**
 - **Aplike pou Lwaye**
 - a. Akò kontra lwaye pou lokasyon (**kontra lwaye a dwe aktyèl epi pa ekspire**)
 - b. Si ou se nouvo vandè pou Konte Palm Beach, ou dwe bay imèl, adrès/nimewo telefòn pwopriyetè pou pwopriyetè a ka enskri. Pwopriyetè a ap resevwa lyen pou kreye/mete ajou enfòmasyon ak sètifye bilan balans si aplikasyon an pa te bay li.
 - c. Reta nan enskripsyon vandè a pral retade apwobasyon aplikasyon an.

 - **Aplike pou Peman Elektrisite**
 - a. Bòdwo elektrik ki montre montan ki dwe a.

 - **Aplike pou Peman Dlo**
 - a. Bòdwo dlo ki montre montan ki dwe a.

 - **Aplike pou Peman Gaz**
 - a) Bòdwo gaz ki montre montan ki dwe a.

 - **Aplike pou Èd Manje**
 - a. Pa gen okenn dokiman anplis ki nesesè.

K. Konbyen fwa mwen ka resevwa èd?

Ou ka resevwa avantaj èd **yon sèl fwa** pou tout sèvis yo.

K. Kisa direktiv sou revni yo pou pwogram sa ye?

Aplikasyon yo dwe satisfè revni anyèl brit ki pa depase limit 140 % Revni Mwayen Zòn (AMI) lan ke HUD etabli pou jiridiksyon Konte Palm Beach, Fla., anvan kriz COVID-19 la konsa:

Moun nan Kay /Gwosè Fanmi	140%
1	\$86,100
2	\$98,420
3	\$110,740
4	\$122,920
5	\$132,860
6	\$142,660
7	\$152,460
8	\$162,260
9	\$172,088
10	\$181,922

K. Si mwen kalifye, konbyen lajan mwen ka resevwa pou èd pou lwaye ak sèvis piblik?

Èd la ka bay konsa epi chita sou nesesitye ki demontre ak disponibilite finansman:

- Lwaye jiska 3 mwa ak jiska \$5,800 aryere apati mas 2020
- Kouran, dlo ak/oswa gaz jiska 3 mwa ak jiska \$1,200 aryere apati mas 2020

K. Si mwen kalifye, konbyen lajan mwen ka resevwa pou èd pou manje?

Detèminasyon kantite èd ki pral bay nan yon dat anapre, yon fwa èd la disponib.

K. Kijan pou mwen aplike pou pwogram Lwa CARES?

Ou ka aplike pou pwogram Èd Lwaye ak Sèvis Piblik Lwa CARES la sou entènèt nan

<http://www.pbcgov.org/OSCARSS>. Ou ka gen aksè ak aplikasyon yo atravè nenpòt koneksyon entènèt. Pèsonèl CSD a ka ede ou lè ou rele (561) 355-4792. Anplis de sa, uit ajans patnè kominotè disponib pou ede ou an pèsòn ak ede antre ak soumèt aplikasyon ou sou entènèt.

Ou ka ale gade kesyon "**Kiyès ki kapab ede mwen pou sèvis yo?**" pou jwenn enfòmasyon anplis.

Vil West Palm Beach pral ede **rezidan vil la sèlman** avèk aplikasyon Lwa CARES yo. Rezidan yo ka rele (561) 822-1250 pou pwograme yon randevou.

Li itil tou pou vizite [Kesyon ki Souvan Poze sou Lwa CARES](#) ak [videyo didaktisyèl sou entènèt](#) OSCARSS yo anvan ou fin ranpli yon aplikasyon.

K. Ki kote mwen ka soumèt dokiman ki annatant mwen yo an pèsòn?

Sonje: Sèvis sa disponib sèlman pou kliyan ki te soumèt aplikasyon yo ak bezwen èd pou ajoute dokiman ki annatant yo.

Aplikasyon yo ka pran yon randevou pou soumèt dokiman nan admisyon sou volan CSD a, ki sitiye nan 810 Datura Street, West Palm Beach, ak 1440 Martin Luther King Jr. Boulevard, Riviera Beach, nan madi ak jedi apati 8:30 rive 11:30 a.m. ak 1 pou 4 p.m.

Tanpri rele (561) 355-4792 pou pran/konfime randevou ak konfime lè sèvis sou volan yo. Li obligatwa pou kliyan yo mete yon mask ak swiv tout direktiv sou distans sosyal yo lè yo rive.

Yon moun nan pèsònèl CSD a kapab ede asire dokiman ki obligatwa yo konpile kòm sadwa alavans. Sonje **li nesèsè pou ekri nimewo aplikasyon an sou tout dokiman ou soumèt yo.**

Sèlman aplikan ki te aplike yo epi ki gen **dokimantasyon annatant** ka soumèt tou dokiman yo nan nenpòt sikisal bibliyotèk PBC. Gen kèk lokal bibliyotèk ki gen sèvis an pèsòn ki limite. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa lokalize bibliyotèk ki pi pre ou, vizite <http://www.pbclibrary.org/locations>.

Sonje: Pèsònèl nan bibliyotèk PBC a pral sèlman resevwa dokiman pou aplikasyon ki annatant. Yo pa ofri èd pou aplike pou pwogram lan nan okenn sikisal bibliyotèk PBC. Pou jwenn èd pou aplike pou pwogram lan, tanpri rele (561) 355- 4792 oswa kontakte nenpòt nan uit òganizasyon kominotè k ap bay sèvis navigasyon (refere ak K&R "Kiyès ki ka ede mwen aplike pou sèvis yo?" ki anba a).

Aplikan yo ankouraje tcheke imèl yo souvan ak kenbe yon nimewo telefòn valid nan dosye a, piske egzaminatè yo kontakte yo atravè imèl, epi yo voye mizajou enpòtan konsènan aplikasyon yo. Li itil tou pou vizite Kesyon ki Souvan Poze sou Lwa CARES ak videyo didaktisyèl sou entènèt OSCARSS yo anvan ou fin ranpli yon aplikasyon.

K. Kiyès ki ka ede mwen aplike pou sèvis yo?

Aplikasyon yo disponib sou entènèt nan <http://www.pbcgov.org/OSCARSS> epi ka gen aksè atravè nenpòt koneksyon entènèt. Anplis de sa, CSD te fè patenarya ak uit ajans kominotè ki ka ede kliyan yo tou nan bay sèvis navigasyon. Vizite sitwèb yo a oswa rele pou jwenn plis enfòmasyon ak/oswa pran yon randevou.

AGENCY NAME	LOCATION(S)	PHONE	WEBSITE
Adopt-a-Family Family Division of the Lewis Center	1000 45th Street West Palm Beach, 33407	(561) 444-0398	www.aafpb.org
Catholic Charities of the Diocese of Palm Beach	9995 N Military Trail West Palm Beach, 33410	(561) 775-9560 (561) 360-3327	www.catholiccharitiesdpb.org
Community Partners Housing Services	Remote	(561) 386-2704 (561) 841-3500, x.1002	www.cp-cto.org/housing-services
Farmworker Coordinating Council of Palm Beach County, Inc.	Lake Worth Office 1123 Crestwood Blvd. Lake Worth, 33460 Belle Glade Office 233 W. Ave. A Suite D Belle Glade, 33430	Lake Worth (561) 533-7227 Belle Glade (561) 992-0603	www.farmworkercouncil.org
Palm Beach County Housing Authority	3432 W. 45th Street West Palm Beach, 33407	(561) 684-2160	www.pbchafl.org
Pathways to Prosperity, Inc. (P2P)	970 N. Seacrest Blvd. Boynton Beach, 33435	(561) 523-0179	www.pathwaysboynton.org
The Lord's Place Prevention Team	2808 N Australian Ave, West Palm Beach, 33407	(561) 537-4652 (561) 494-0125, x. 1115	www.thelordsplace.org
The Urban League of Palm Beach County	700 N Australian Ave West Palm Beach, 33407	(561) 833-1461	www.ulpb.org

**Visit the agency's website for more information and to make an appointment.*

Vil West Palm Beach pral ede **rezidan vil la sèlman** avèk aplikasyon Lwa CARES yo. Rezidan yo nan vil la ka rele (561) 822-1250 pou pwograme yon randevou.

Aplikasyon yo ankouraje tcheke imèl yo souvan piske egzaminatè yo kontakte yo atravè imèl, epi yo voye mizajou enpòtan konsènan aplikasyon yo. Pou verifye sityasyon yon aplikasyon, vizite Sèvis Kliyan CSD a nan www.pbcgov.com/clientservicessearch oswa dirèkteman atravè pòtay OSCARSS la nan www.pbcgov.com/OSCARSS.

K. Kijan mwen kapab verifye aplikasyon mwen an?

Pou verifye sityasyon yon aplikasyon, vizite Client Services Search (Rechèch Sèvis Kliyan) CSD nan www.pbcgov.com/clientservicessearch oswa dirèkteman atravè pòtay OSCARSS la nan www.pbcgov.com/OSCARSS.

Yon fwa yon aplikasyon fin revize, w ap resevwa yon imèl pou nenpòt dokimantasyon ki annatant. Dokiman ki annatant yo pral ajoute nan aplikasyon ou an lè ou konekte.

Aplikasyon yo ankouraje tcheke imèl yo souvan ak kenbe yon nimewo telefòn valid nan dosye a, piske egzaminatè yo kontakte yo atravè imèl, epi yo voye mizajou enpòtan konsènan aplikasyon yo.

K. Pou ki kalite inite lojman mwen ka jwenn èd?

Inite yo tankou apatman, kay, kay lavil, ak kay mobil yo otorize.

K. Mwen gen reta nan peman lwaye mwen pou mwa fevriye, èske mwen kalifye pou jwenn èd?

Non. Èd pral sèlman bay pou lwaye ak sèvis piblik apati 1ye mas 2020 pou pa plis pase 3 mwa. Èd sèlman disponib pou sila yo ki ka bay prèv ke yo te gen pèt revni, rediksyon nan lè oswa chomaj akòz pandemi COVID-19 la.

K. Mwen apèn resevwa yon chèk motivan ak/oswa peman deklarasyon revni. Èske mwen ta dwe peye lwaye mwen?

Wi. Pa rate peman lwaye ou si ou ka fè peman an. Pandan moman reta sa a, si ou aktyèlman gen reta, ou dwe eseye kominike avèk pwopriyete a konsènan fason pou ratrape ou. Men, pa tann pou resevwa avi pou ou decide aji. Ou dwe toujou ouvri kourye ou ak/oswa li korespondans ou resevwa nan men pwopriyete ou.

K. Èske mwen dwe ranbouse fon an?

Non.

K. Èske ou ofri èd pou lwaye ak sèvis piblik pou kriz ki pa gen rapò ak COVID-19? Si wi, kijan pou mwen aplike?

Wi. Depatman nou an ofri èd pou lwaye ak sèvis piblik pou kriz ki pa gen rapò ak COVID-19. Pou aplike, konekte nan OSCARSS epi chwazi "Apply for Services" (Aplike pou Sèvis). Nou ka mande aplikasyon papye pou sèvis ki pa gen rapò ak COVID-19.



The screenshot shows the Palm Beach County Community Services website. The header includes the logo and the text "Palm Beach County Community Services Helping People Build Better Communities". Below the header, there is a search bar and a "Client Activity" section. The main content area features two buttons: "Apply for services" and "Apply for COVID-19 Assistance". A red arrow points to a link that says "Click here to apply for rent and utility assistance not related to COVID-19."

(Nou kite rès paj sa a vid entansyonèlman)